

Kolonizasyon *Candida auris*

Enfòmasyon pou Pasyan yo

Candida auris (ke yo rele tou *C. auris*) se yon chanpiyon ki kapab lakòz enfeksyon grav. *C. auris* ka pwopaje soti sou yon pasyan pou ale sou yon lòt nan lopital ak etablisman swen enfimye yo. Pasyan yo ka pote *C. auris* yon kote sou kò yo, menm si li pa fè yo malad. Yo rele sa kolonizasyon. Lè moun ki nan lopital ak etablisman swen enfimye yo kolonize, *C. auris* ka pwopaje sot nan kò yo epi li ka ale sou lòt moun oswa objè ki toupre, sa ki pèmèt chanpiyon an transmèt bay moun ki ozalantou yo.

CDC rekòmande pou teste pasyan ki gendwa te vin an kontak avèk *C. auris* pou wè si yo pote chanpiyon an. Sa pèmèt founisè swen sante yo konnen kimoun ki pote chanpiyon an epi pran dispozisyon pou anpeche li transmèt bay lòt moun.

Kisa sa siyifi lè ou kolonize?

Kolonizasyon, oswa lè ou kolonize avèk *C. auris*, sa siyifi yon moun gen chanpiyon an yon kote sou kò l, men li pa gen yon enfeksyon ni sentòm enfeksyon. Yo ka fè yon tès senp pou wè ki moun ki kolonize avèk *C. auris*. Moun ki kolonize avèk *C. auris* gendwa pa konnen epi yo kapab transmèt chanpiyon an ba yon lòt moun. Moun ki kolonize avèk *C. auris* ta ka vin malad avèk chanpiyon sa a pita, kidonk founisè swen sante yo dwe konsidere pran dispozisyon anplis pou anpeche enfeksyon.



Pou diminye pwopagasyon sou lòt pasyan yo, pèsònèl swen sante yo dwe itilize prekosyon lè y ap pran swen pasyan ki gen *C. auris*, sa gen ladan:

- Mete pasyan an nan yon chanm diferan.
- Fè pèsònèl swen sante yo oswa lòt moun k ap bay swen yo mete blouz ak gan pandan swen pasyan yo.
- Netwaye chanm lan avèk pwodui diferan ke dabitid.
- Fè manm fanmi ak pèsònèl swen sante yo netwaye men yo byen pwòp apre yo fin vizite pasyan an. Yo ka ankouraje pasyan an tou pou li lave men l souvan.
- Fè yon lòt tès pita pou wè si chanpiyon an la toujou.

Kisa mwen ka fè pou ede anpeche *C. auris* gaye?

Pasyan yo ak manm fanmi yo dwe netwaye men yo byen pwòp anvan ak apre youn manyen lòt oswa zòn ozalantou pasyan an, sitou lè yo kite chanm yon pasyan.

Byenke risk la fèb pou enfeksyon *C. auris* kay moun ki an sante nòmalman, pasyan yo ak manm fanmi yo dwe kontinye adopte bon ijyèn men lè yo retounen lakay yo. Si manm fanmi yo ap okipe pasyan ki gen *C. auris*, yo dwe panse mete gan jetab lè y ap bay sèten kalite swen tankou chanje pansman sou blesi ak ede pasyan an benyen.

Si ou kolonize avèk *C. auris*, enfòm founisè swen sante ou yo lè w ale nan kabinè swen sante yo ak lè yo entène ou nan lopital ak nan etablisman swen enfimye.



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

Ou vle jwenn plis enfòmasyon?

www.cdc.gov/fungal/candida-auris